



Assesment Madrasah MI Muhammadiyah 2

Jambu Jombang

Tahun Pelajaran 2023/2024



ASESMEN MADRASAH TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama :
No. Ujian :
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Hari/Tanggal : Sabtu , 18 Mei 2024
Waktu : 09.30 – 11.00 WIB

PETUNJUK UMUM

1. Berdoalah sebelum mengerjakan soal;
2. Isikan Identitas anda ke dalam kolom yang tersedia di Lembar Asesmen Madrasah (AM) ;
3. Jawablah soal pilihan ganda dengan memilih jawaban A, B, C atau D yang anda anggap benar pada Lembar Asesmen Madrasah (AM);
4. Jawablah pada kolom yang tersedia pada soal isian pada Lembar Asesmen Madrasah (AM);
5. Laporkan kepada pengawas asesmen apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak atau tidak lengkap;
6. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan soal tersebut;
7. Jumlah soal sebanyak 40 dengan rincian soal pilihan ganda 35, Uraian 5 soal;
8. Mintalah kertas buram kepada pengawas asesmen bila diperlukan;
9. Periksa sekali lagi hasil kerjaan anda sebelum klik **"FINISH"**;
10. Tuliskan nama lengkap(Enter your full name:), kelas(Group/level:), dan mata pelajaran(School subject:) pada kolom yang tersedia.
11. Kemudian tekan **"SEND"** untuk mengakhiri ujian.

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D ing wangsulan kang bener!

Kanggo nomer 1-3

Endahe Kekancan

Ayo padha kekancan

Ngudi kawruh lan kabisan

Kekancan ora ndeleng bandha

Kekancan ora ndeleng rupa

Ayo padha kekancan

Ngrenggani urip bebrayan

Bebarengan padha suka

Dedolanan, sinau uga

Ayo padha kekancan

Bebarengan tetembangan

Amarsudi kebudayaan

Endahing urip bebrayan

1. Isine geguritan ing ndhuwur medharake bab ...

A. piweling

C. protes

B. pitutur

D. guneman

2. Endahing urip bebrayan.

Tembung **bebrayan** ateges ...

A. rukun

C. berkelompok

B. bersatu

D. bermasyarakat

3. Geguritan ing dhuwur kapethik saka ...

A. pamela

C. rengel

B. justin

D. kabudayan

4. Pak Budi : Nabila, sampean arep menyang ngendi?

Nabila :

Ukara kang trep kanggo njangkepi pacelathon ing dhuwur yaiku ...

A. Tindak griyane eyang

C. Dhateng dalemipun eyang

B. Menyang omahe embah

D. Menyang griyane embah

Galuh Ajeng

Sawise Prabu Erlangga seda, kraton Kahuripan kaperang dadi loro yaiku Jenggala lan Panjalu. Kanggo ndadekake Kraton loro dadi siji maneh, Raja Jenggala kagungan putra kakung asmane Raden Inu Kertapati. Dene Raja Panjalu saka garwa prameswari kagungan putri asmane Dewi Sekartaji, lan saka garwa selir kagungan putri asmane Galuh Ajeng.

Galuh Ajeng sing serik atine banjur golek dalan kanggo nyingkirake Dewi Sekartaji. Saka dhukun tenung, Galuh Ajeng oleh endhog sing wis dijampi-jampi kanggo disisipake ing dhaharane Dewi Sekartaji. Awake Dewi Sekartaji krasa gatel, padha mlepuh, lan ngetokake gandha amis. Dewi sekartaji banjur sowan bibine yaiku Dewi Kilisuci pertapan Guwa selomangleng. Dewi Kilisuci ngutus Dewi Sekartaji mlaku ngalor menyang Grojogan Mrambat ing Anjuk Ladhang (saiki Nganjuk).

Ing grojogan Mrambat Dewi Sekartaji ngedegake pesanggrahan lan ganti asma Roro Kuning. Saben dina panjenengane siram lan ngunjuk banyu grojogan. Ora nganti suwe kira-

kira pitung dina lawase, penyakite Roro Kuning wis ilang. Suwe-suwe Grojogan Mrambat dadi rame lan sinebut Grojogan Roro Kuning.

5. Watake Galuh Ajeng yaiku ...

- | | |
|------------|----------|
| A. lembah | C. serik |
| B. semanak | D. jahat |

6. Nalika Dewi Sekartaji lara, saben dina siram ana ing ...

- | | |
|-------------|-------------|
| A. grojogan | C. blumbang |
| B. sendhang | D. sumur |

7. Crita rakyat Galuh Ajeng kalebu crita ...

- | | |
|----------|-------------|
| A. fabel | C. sage |
| B. mitos | D. legendha |

8. isi crita rakyat ing dhuwur yaiku ...

- | | |
|--------------------------|-----------------------------------|
| A. larane Dewi Sekartaji | C. asal usul Grojogan Roro Kuning |
| B. Kraton Kahuripan | D. Kraton loro dadi siji |

Dina iki aku tangi rada esuk, sawengi kaya wis impen-impenen. Dina Minggu iki Aku lan keluargaku arep plesir menyang Bale Tani. Papan wisata Bale Tani dumunung ing Dusun Serning, Desa Banjaragung, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang. Saka sub terminal Mojoagung arah ngiwo tumuju ing dalan Wonosalam. Sawise saka pertelon Mojoduwur menggok nengen, jarake kira-kira 3 kilometer. Lokasi Bale Tani, cedhak karo pabrik sepatu Venezia, dadine saben wisatawan sing arep tilik menyang obyek wisata paling anyar ing Jombang kidul iki gampang njujug ing papan panggonan.

9. Gagasan pokok wacan ing dhuwur yaiku ...

A. Dina iki aku tangi rada esuk

C. Lokasi Bale Tani

B. Dina Minggu iki aku lan keluarga

D. Plesir menyang Bale Tani

nomer 10-11

Cublak-Cublak Suweng

“Cublak-cublak suweng, suwenge teng gelenter,

Mambu ketundhung gudel, Pak empo lera lere,

Sapa ngguyu ndhelikake, sir-sir pong dele kopong,

sir-sir pong dele kopong, sir-sir pong dele kopong.”

10. Isine tembang Cublak-Cublak Suweng yaiku ...

A. bisa ngatur strategi

C. belajar manut marang aturan

B. belajar nyimpen barang

D. latihan guyup rukun karo kanca

11. Teks narasi isine ...

A. nyritakake proses kedadayan

C. nggambarake kahanane objek

B. nyritakake kahanane objek

D. nggambarake proses kedadayan

Udan deres saben dina ngakibatake kali-kali dadi amber lan jebole tanggul ing Kecamatan Bandarkedungmulyo. Kacathet 5 desa ing kecamatan sing kebanjiran. Akibat akeh omah warga sing kebanjiran lan hektaran sawah kelem. Atusan wong pada ngungsi. Ana sing ngungsi ing sanak sedulure lan ana sing ngungsi ing tenda pengungsian sing dibangun saka terpal ing tanggul kali brantas. Kewan ingon-ingon para warga pada

dislametake saka banjir. Sumbangan arupa banyu resik, panganan lan klambi pada teka saka ngendi-endi.

12. Isine pawarta ing dhuwur yaiku ...
- | | |
|--------------------------|-------------------------|
| A. udan deres saben dina | C. banjir ing Kecamatan |
| B. banjir bandang | Bandarkewdungmulyo |
| | D. tanggul kali jebol |
13. Pakdhe Rahmat nembe kondur saking umroh. Sing kalebu tembung *camboran tugel* yaiku
- | | |
|-----------|-----------|
| A. umroh | C. Rahmat |
| B. kondur | D. Pakdhe |
14. Olehe nyambut gawe direwangi adus kringet. *Adus kringet* kalebu tembung ...
- | | |
|-------------|----------|
| A. saroja | C. lugu |
| B. camboran | D. entar |

Kanggo nomer 15-17

Bapak pucung cangkemu madhep mandhuwur,

Sabane ing sendhang,

Pencokane lambung kering,

Pripteng wisma si pucung mutah guwaya.

15. Tembang macapat ing dhuwur diarani tembang ...
- | | |
|-----------------|------------|
| A. maskumambang | C. mijil |
| B. pucung | D. pangkur |
16. Guru wilangan lan guru lagune gatra katelu yaiku ...
- | | |
|--------|--------|
| A. 12u | C. 8i |
| B. 6a | D. 12a |

17. Tembang ing dhuwur batangane yaiku ...

A. sepur

C. gajah

B. sabuk

D. klenthing

Pandhawa Lima

Pandhawa iku cacahé ana lima, mula terus kaprah diarani Pandhawa lima. Pandhawa lima mujudake satriya kang nduweni watak utama, ambeg darma lan luhur bebudine. Pandhawa ora seneng pamer kadigdayan. Malah watake andhap asor, lembah manah, lan ngajeni marang liyan. Akeh lelakon lan kasangsaran kang dilakoni Pandhawa. Kasangsaran iku mau dituwuhake saka Kurawa kang kepingin nyirnakake para Pandhawa. Kurawa kepingin nguwasani Negara Astina. Nganti ana perang Bratayudha. Nanging amarga Pandhawa gedhe prihatine, kasangsaran iku kasil kabengkas.

18. Pesen moral kang bisa kapethik saka crita ing dhuwur yaiku ...

A. Wong urip kudu iso sabar lan nrima

C. Wong kang srakah bakal sangsara

B. Urip ing bebrayan kudu tansah

D. Satriya kang nduweni watak utama

rukun marang sedulur

19.  Aksara latine ...

A. Mangan roti

C. Mangan tempe

B. Mangan tahu

D. Mangan nanas

”Maca malih dadi hobi. Ora mung buku wae sing diwaca, nanging surat kabar uga diwaca. Menawa ana bab-bab sing ora dingerteni Kartini nyuwun pirsane marang Ramane. Amarga sregep maca wawasane tambah akeh. Kartini ngerti yen para wanita Eropa kuwi wis

maju, pikirane maju, lan wawasane jembar. Raden Ajeng Kartini nduweni pepinginan amrih wanita Indonesia uga maju, ora mung dadi kanca wingking wae. Raden Ajeng Kartini nglumpukake kanca-kancane kanggo diwulang nulis lan maca. Ing sela-selane wektu kuwi Kartini asring nulis layang kanggo kanca-kancane sing ana ing negara Walanda. Panjenengane uga nulis surat kagem Mr.J.H Abendanon supaya diparingi beasiswa kanggo sekolah menyang Walanda.”

20. Irah-irahan kang cocok kanggo wacan ing dhuwur yaiku ...

A. Maca Buku	C. Raden Ajeng Kartini
B. Seneng Maca	D. Nulis Layang
21. Isine teks informasi ing dhuwur yaiku ...

A. Kasenengane Kartini	B. Cita-citane Raden Ajeng Kartini
C. Emansipasi wanita	D. Perjuangan Raden Ajeng Kartini kanggo wanita Indonesia
22. Kepriye usahane Kartini amrih wanita Indonesia maju? Yaiku kanthi diwulang ...

A. nulis surat	C. nulis lan maca
B. maca buku	D. nulis layang
23. Supaya diparingi beasiswa kanggo sekolah menyang Walanda. Ukara pitakone kang trep yaiku ...

A. Apa maksude R. A. Kartini nulis surat kanggo Mr.J.H Abendanon?	B. Kena apa R. A. Kartini ngumpulake kanca-kancane?
C. Menyang endi olehe sekolah?	D. Apa sing dipingini R. A. Kartini?

Mingkar-mingkuring angkara

Akarana karenan mardi siwi

Sinawung resmining kidung

Sinuba sinukarta

Mrih kretarta pakartining ilmu luhung

Kang tumrap ing tanah Jawa

Agama ageming aji.

24. Tembang pangkur sapada ana . . . gatra.
- A. 8
B. 7
C. 6
D. 5
25. Agama ageming aji. Tembung **aji** kosokbalene yaiku ...
- A. ala
B. utama
C. wigati
D. diajeni
26. Guru wilangan lan guru lagune gatra kalima yaiku ...
- A. 11i
B. 8u
C. 7a
D. 12u
27. Durung pecus keselak besus. Paribasan iku tegese ...
- A. Durung sembada wis kepingin sing ora-ora
B. Dipadhakake bocah cilik, durung dianggep diwasa
C. Darbe panjangka nanging ora nduwe sarana
D. Ngati-ati nanging sawise kebacut kelakon
28. “Dadi wong aja sok njagakake barang kang durung mesthi oleh”. Paribasane ...

A. Durung pecus keselak besus

C. Njagakake endhoge blorok

B. Dom sumurup ing banyu

D. Kerot ora duwe untu

E.

29. Mbak Retno pancen ayu alise nanggal sepisan, drijjine mucuk eri nanging irunge pesek.

Dheweke senengane nari. Saben wong mesti seneng yen dheweke lagi tampil ing panggung.

Jogede kaya merak kesimpir.

Penggalan crita ing dhuwur sing nuduhake tembung pepindhan yaiku ...

A. Jogede kaya merak kesimpir

C. Drijjine mucuk eri

B. Alise nanggal sepisan

D. Irunge pesek

30. Batangane “Kebo bule dicancang merang” yaiku ...

A. nanas

C. jagung

B. buntil

D. gudel

31. Batangane “ontong gedhang”. Cangkrimane, pak demang klambi abang ...

A. rupamu kaya kranjang

C. disuduk manthuk-manthuk

B. penggaweane saba blumbang

D. disawang malah ilang

32. Pitik walik saba meja, batangane ...

A. nanas

C. sapu

B. sulak

D. salak

kanggo nomer 33-36

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Bapak kepala Madrasah ingkang satuhu kinurmatan, Bapak-Bapak saha Ibu-Ibu guru
ingkang satuhu kula bekteni, adhik-adhik kelas ingkang kula tresnani. Puji syukur tansah

katur dhumateng Allah SWT. Ingkang sampun paring kanugrahan, rahmat sarta hidayah dhumateng kita sadaya, sahingga ing wekdal punika saged kempal manunggal kanthi wilujeng nir ing sambikala.

Kadang kula kelas setunggal ngantos gangsal ingkang kula tresnani, sakedhap malih kula sakanca kelas enem badhe nilaraken pawiyatan Madrasah Ibtidaiyah punika. Pramila, mbok bilih sadangunipun kula sesrawungan kaliyan panjenengan sadaya wonten kalepatan saha tindak tanduk ingkang kirang mranani ing panggalih panjenengan sadaya, kula sakanca nyuwun agunging pangapunten.

Awrat sejatosipun kula nilaraken pawiyatan punika, nilaraken adhik-adhik kelas kula ingkang sampun kula anggep kados dene sadherek piyambak. Nanging kados pundi malih, jer kula panjenengan sadaya namung titah sawantah mboten kuwawi nyelaki pepesthening Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Adhik-adhik, kula ndherek paring pepenget dhumateng panjenengan sedaya, sakmedhal kula saking pawiyatan punika, pangajak kula adhik-adhik sageda dados siswa-siswi ingkang tansah mbangun miturut dhumateng Bapak saha Ibu Guru, lan dados murid ingkang pinter saha kreatif.

Adhik-adhik ingkang kula tresnani, kula tansah njurung donga lan pamuji mugi-mugi ingkang taksih wonten ing pawiyatan mriki tansah pikantuk pangayomanipun Allah SWT. Samanten ugi kula nyuwun donga saha pangestu, mugi-mugi kula sakanca saged nglajengaken wonten ing pawiyatan ingkang langkung inggil.

Wasana namung samanten atur kula minangka sesulih rencang-rencang kelas enem sedaya, mbok bilih wonten galap-gangsuling saha benceng cewenging atur, kula tansah nyuwun lumunturing sih samodra pangaksami.

Nuwun

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

33. Tema sesorah ing dhuwur yaiku ...
- | | |
|---------------|---------------|
| A. perpisahan | C. pambyawara |
| B. syukuran | D. kamardikan |
34. Sesorah ing dhuwur medharake bab ...
- | | |
|------------------------|--------------------------------|
| A. nyuwun pangapura | C. piweling marang adhik kelas |
| B. ninggalake madrasah | D. atur panuwun |
35. Nuwun minangka ...
- | | |
|------------------|------------------|
| A. pambuka | C. wasana |
| B. pangarep-arep | D. salam panutup |

II. Wangsulana pitakon ing ngisor nganggo wangsulan sing bener!

36. Dadi bocah kudu sing rukun karo kanca-kancane, aja seneng nabok nyilih tangan.

Apa tegese tembung *nabok nyilih tangan* ing nduwur?

Mingkar mingkuring ukara

Akarana karenan mardi siwi

Sinawung resmining kidung

Sinuba sinukarta

Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung

Kang tumrap neng tanah Jawa

Agama ageming aji

37. Sebutno tema tembang pangkur ing nduwur?

38.  Tulisen aksara latine !

39. Bapak : “Hadi, yen kepingin pinter kudu sregep sinau”.

Yuda : “ ”

Tembung apa kang cocok kanggo ngisi ceceg-ceceg ing nduwur?

Janaka Satria Pandawa

Pandawa lima iku satria kang dhuweni sikap lan watak luhur, mula akeh sing padha tresna marang Pandawa. Senajan urip rekasa ananging ora nate congkrah lan tansah guyub rukun.

Satriya bagus kang asma Janaka yaiku satria kang nomer telu ana ing keluarga Pandawa, kakange asma Puntadewa lan Werkudara, adine kembar yaiku Nakula lan Sadewa.

40. Apa amanah saka crita ing nduwur?